



Pou Piblikasyon Imedya: 20/05/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI SEZON NAVIGASYON 2022 SOU SISTÈM KANAL ETA NEW YORK LAN

Selebrasyon nan Vilaj Fairport inogire amelyorasyon enfracstrikti ki fèk fini an

Amenajman nan Kanal Erie a enkli Liftbridge Lane West ak pwomenad pyeton

Yo komemore 200èm anivèsè ouvèti Kanal la nan Fairport tou

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ouvèti sezon navigasyon 2022 an sou tout 843 kilomèt Sistèm Kanal Eta New York lan (New York State Canal System), pandan l'ap selebre 198èm anivèsè ouvèti konsekitif vwa navigab la epi selebre bisantnè konstriksyon ak finisman Kanal Erie, ki etale ant 1817 ak 1825. Nan kad lansman nouvo sezon bato a, Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), Kòporasyon Kanal Eta New York (New York State Canal Corporation), ak Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York la, te mete ansanm ak ofisyèl yo nan Vilaj Fairport, Konte Monroe pou inogire finisman pwojè amelyorasyon enfracstrikti resan sou Kanal Erie a.

"Kanal Erie a se yon pati entegral nan istwa New York epi, mwen menm antanke yon navigatè depi lontan, se yon destinasyon ete mwen pi renmen, youn kote mwen envite tout Nouyòkè yo ale fè eksperyans ak jwi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sistèm Kanal la se yon sant rekreyasyon ak touris nan kominote lokal yo sou kanal la epi nou pa ka tann yon lòt ete ki pote siksè nan kwasans ekonomik ak avanti."

1.3 milyon dola nan amelyorasyon sou riv nòdwès Kanal Erie nan Fairport enkli tout nouvo waf ak waf pou sèvis piblik, ekleraj, yon nouvo lansman ti bato san motè, ak karakteristik ki aksesib ak ADA toupatou, enkli yon lansman kayak aksesib. Anplis de sa, vilaj la te ouvri Liftbridge Lane West, yon pwomenad pou pyeton ak espas rasanbleman pou rezidan yo ak vizitè yo ki gen aranjman syèj pou konvèsasyon, sistèm son modèn, ekleraj dekoratif ak pano, plis yon liy bisiklèt ki deziyen pou [Empire State Trail](#).

Vilaj la te resevwa 300,000 dola nan finansman nan men Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York pou konplete travay la sou riv nòdwès la. Nouvo ekipman sa yo konplete yon pwojè ki te fini an septanm 2020 sou [riv sid la](#). Pwojè

850,000 dola anvan an te resevwa 150,000 dola nan sipò finansman nan men New York State Canal Corporation pou enstale yon teras obsèvasyon nan Kennelley Park, ansanm ak yon nouvo pon pou bato san motè, twotwa, baz woutyè, ekleraj, peyizaj, ak pano entèpretasyon istorik.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York, Justin E. Driscoll, te deklare, "Pandan prèske de syèk, Kanal Erie a konekte moun ak komès atravè eta nou an, e antanke jeran vwa navigab anblematik sa a, Otorite Enèji New York ak Canal Corporation pran angajman pou asire kanal yo rete an sekirite epi operasyonèl pou jenerasyon k ap vini yo. Anplis de sa, atravè inisyativ Reimagine the Canals (Re-imagine Kanal) nou an, NYPA ap sipòte pwojè tankou ekleraj resan [Fairport Lift Bridge](#) la ki mete aksan sou istwa ak enjenyeri sistèm Kanal la pandan l ap atire rezidan yo ak touris yo nan anpil kominote bò kanal yo."

Direktè Canal Corporation Eta New York, Brian U. Stratton, te deklare, "Ouvèti sezon navigasyon sou Kanal New York yo se yon siy sèten ke ete a rive, epi nou espere akeyi tout moun ki gen plan pou rekreye sou rezo vwa navigab ak santye nou yo ane sa a. Nouvo enfrastrikti ak ekipman yo inogire jodi a nan Fairport kreye yon destinasyon litoral ki vrèman revitalize pou vizitè yo epi ranfòse koneksyon sistèm Kanal la rive nan anpil kominote."

Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan, te deklare, "Sistèm Kanal Eta New York la se youn nan resous lwazi san parèy nasyon nou an, epi ouvèti kanal la vle di sezon pik pou lwazi anplèn a rive. Amelyorasyon yo ap selebre jodi a pral amelyore eksperyans rezidan yo ak vizitè yo ki soti toupatou pou eksplòre destinasyon panoramik ak istorik sa a. State Parks rekonesan anvè NYPA, Canal Corporation ak Vilaj Fairport pou travay yo sou pwojè sa a."

Anplis de selebre nouvo ekipman kanal yo ane sa a, [Fairport](#) ap komemore bisantnè li kòm yon kominote sou Kanal Erie a. Dapre yon atik ki te pibliye nan Cherry Valley Gazette nan dat 23 avril, 1822, Kanal Erie te ouvri pou navigasyon 11 avril nan ane sa a nan lès Konte Monroe atravè sa ki kounye a se Fairport rive nan Basen Bushnell aktyèl la. Seksyon adisyonèl nan Kanal Erie nan lwès Basen Bushnell rive nan Vil Rochester te ouvri an jiyè ak oktòb 1822, epi kanal orijinal la sou Genesee River te ouvè an oktòb 1823. Jan yo te pibliye sou [sitwèb vilaj la](#), Kanal Erie te vin tounen yon wout transpò enpòtan ak Fairport, ak yon otèl ak yon biwo lapòs, te vin tounen yon arè popilè pou vwayajè yo. An reyalyte, Fairport te resevwa non li nan men vwayajè kanal yo ki te make arè a kòm yon "pò ki ase ekita."

Majistra Vilaj Fairport la, Julie Domaratz, te deklare, "Nou kontan anpil pou nou selebre istwa Vilaj nou an ki sitiye sou Kanal Erie a, jou ouvèti sezon kanal la, ak finisman pwojè sa yo ki amelyore eksperyans vizit ak viv nan Fairport. Jou sa a pral selebre alafwa istwa nou ak pwogrè nou."

Senatè Samra Brouk te deklare, "Antanke yon natif Pittsford ki te gen premye li travay sou Kanal Erie, mwen pa etranje nan siyifikasyon rejyonal Kanal la, li kontribye non sèlman kòm bote panoramik men tou yon motè ekonomik k ap sèvi kominote nou an pou anpil jenerasyon. Nan bisantnè sa a, ann re pran angajman pou nou pwoteje ak prezève Kanal nou renmen anpil la pou li ka kontinye sèvi kominote nou an pandan plizyè syèk. Epi kòm Senatè, mwen pral kontinye travay pou asire fanmi lokal yo gen yon vwa solid nan dirije avni Kanal nou an."

Manm Asanble Jennifer Lunsford te deklare, "Kwen Kanal Erie nou an te gen yon gwo efè sou devlopman gwo Empire State nou an ak nasyon nou an, epi mwen kontan anpil pou m komemore lansman sezon navigasyon ane sa a 20 me a. Ane sa a make tou Anivèsè Bisantnè Oувèti Kanal Erie nan Vilaj Fairport. Fini an 1825, Kanal Erie te dezyèm kanal ki pi long nan mond lan, ki te ranfòse devlopman ak ekonomi nan majorite vil atravè New York. Avèk avenman otomobil la, Vilaj Fairport, ki te enkòpore ofisyèlman an 1867, te kòmanse etann li lwen dlo a, sa ki lakòz yon re-imaginasyon Kanal Erie a kòm yon sous lwazi Kanòt, kayak ak bato vwayaj yo ka souvan twouve yo sou vwa navigab la nou renmen anpil la, pami kèk bato anbakman ki rete. Rezidan yo ak vizitè yo renmen mache oswa kouri sou wout ki swiv Kanal Erie sou 547 km, epi asireman, nou selebre tout sa kanal la ofri kominote nou an pandan Jounen Kanal Fairport yo. Kanal Erie a se yon bijou nan kominote nou an!"

Chèf Egzekitif Konte Monroe a Adam Bello te deklare, "N ap make bisantnè Monroe County a ak tèm 'selebre plis', epi mwen pa ka panse a yon pi bon kote pou fanmi yo ak vizitè yo patisipe nan selebrasyon sa a pase Kanal Erie nan Fairport. Avèk nouvo ekipman pou jwi ansanm ak kanal la, gen anpil fason pou w soti deyò, vin fè pati lanati ak selebre plis."

Direktè Egzekitif Koridò Eritaj Nasyonal Vwa Kanal Erie a, Bob Radliff, te deklare, "Sezon renouvèlman sa a fè nou sonje jan nou gen chans genyen yon sistèm Kanal ki an fonksyon ki alafwa se yon trezò Eta New York ak yon nasyonal. Nou patisipe nan selebrasyon k ap re-ouvri vwa navigab lejandè anndan pati nò Eta New York pou tout moun itilize epi jwi."

"Sistèm Kanal la opere chak jou soti jodi a jiska mèkredi 12 oktòb 2022 a, soti 7:00 am jiska 5:00 pm ak kèk ekliz ak pon levan k ap fonksyone jiska 10:00 pm pandan tout ete a. Pou wè orè konplè a epi aprann plis sou kanal Erie, Champlain, Oswego, ak Cayuga-Seneca, tanpri vizite [sitwèb Canal Corporation lan](#).

Canal Corporation ak Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York te anonse dènyèman yon efò konplè, ki gen ladan yon nouvo plan repons rapid k ap devlope, pou konbat potansyèl pwopagasyon pason gobi awondi a, yon espès akwatik anvayisan, nan Basen Lake Champlain apre dekouvèt pwason an nan Rivyè Hudson lan toupre Troy an jiyè 2021. Espès akwatik anvayisan yo ka depase espès pwason endijèn yo, deranje ekosistèm yo ak andomaje ekonomi lokal la ki depann de lwazi.

Pou anpeche pwopagasyon Espès Akwatik Anvayisan (Aquatic Invasive Species, AIS) yo, yo konseye navigatè yo ak pechè yo pou yo toujou [netwaye, drene ak seche ekipman bato/lapèch yo](#) epi pratike [itilizasyon ak jete kòrèkteman pwason yo pa vle yo](#). Rapòte nenpòt espès anvayisan bay iMapInvasives nan www.imapinvasives.org. DEC ak Canal Corporation dènyèman te anonse yon efò konplè pou pwoteje dlo New York yo, sitou Lake Champlain, kont gobi awondi ak lòt AIS yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou: <https://www.dec.ny.gov/press/125018.html>

Anplis de sa, yo ankouraje tout itilizatè Canal ak tout moun ki gen enterè yo pou yo enskri pou resevwa mizajou atravè pwogram notifikasyon "[Avi pou Navigatè yo](#)".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418